



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO LIMEN NAN OKAZYON JOUNEN SANSIBILIZASYON SOU ASÈLMAN**

*Yo pral limen 16 moniman an jòn nan aswè 18 janvyè a*

*Kanpay sansibilizasyon sou rezo sosyal pandan tout mwa a mete aksan sou teknoloji ki fasilite asèlman ak sekirite sou rezo sosyal yo*

Gouvènè Kathy Hochul te rekonèt jodi a, janvyè kòm Mwa Sansibilizasyon sou Asèlman Kriminèl epi 18 janvyè kòm Jounen Aksyon pou Sansibilizasyon sou Asèlman Kriminèl nan Eta Nouyòk, li pibliye yon pwoklamasyon epi li mande pou 16 moniman istorik nan eta a limen aswè a pou onore moun ki afekte pa asèlman ak tout fòm vyolans ki baze sou sèks.

"Pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans domestik ak tout fòm vyolans ki baze sou sèks se yon bagay pèsonel pou mwen. Se poutèt sa mwen angaje m pou pwoteje Nouyòkè yo kont danje, epi pou asire Nouyòk se yon kote ki an sekirite pou tout moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap limen moniman Eta yo, Nouyòk ap ogmante sansibilizasyon sou krim grav ki se asèlman, n ap reyafime sipò nou pou tout moun ki te afekte pa asèlman, epi n ap travay pou asire vyolans ak entimidasyon pa gen plas nan kominote Nouyòk yo."

Anons sa yo make yon lòt etap enpòtan ankò nan ajanda sekirite piblik Gouvènè a, avèk yon konsantrasyon ogmante sou moun ki afekte pa asèlman ki fèt atravè teknoloji: 80 pousan viktim asèlman rapòte yo te sibi asèlman pa mwayen itilizasyon teknoloji, epi 43 pousan ka asèlman sou entènèt federal yo gen ladan itilizasyon platfòm rezo sosyal pou swiv oswa lokalize yon moun.

16 moniman sa yo pral limen pou make Jounen Sansibilizasyon sou Asèlman:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza

- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- Fa Roosevelt Island

Pou rekonèt Mwa Sansibilizasyon sou Asèlman ak ogmantasyon fenomèn asèlman ki fèt atravè teknoloji, Biwo Eta Nouyòk pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) lanse yon kanpay rezo sosyal pou Mwa Sansibilizasyon sou Asèlman, pou enfòmasyon Nouyòkè yo sou danje dijital yo ak fason pou pwoteje tèt yo. Kanpay la gen ladan videyo itil ki montre itilizatè rezo sosyal yo kijan pou bloke pataj lokalizasyon, yon fonksyon anpil itilizatè pa konnen kèk aplikasyon pataje otomatikman. Vizite paj [Facebook](#), [X \(ki te rele Twitter anvan\)](#), [Instagram](#), ak [LinkedIn](#) OPDV a pou plis enfòmasyon sou asèlman kriminel ak ki kote pou jwenn resous.

OPDV lanse tou [dènye videyo a nan seri VOICES li a: Seri Istwa Sivivan yo](#), ki prezante istwa pèsonèl yon sivivan nan rejyon Kapital la, ki rakonte kijan li te sibi asèlman pa yon moun li te konnen pandan plizyè ane. Yon rezidan Schuylerville, moun ki t ap swiv Cassandra Wilusz la te teworize li lè li t ap asele li atravè imel ak rezo sosyal, li t ap swiv li ak machin li ak avyon li, epi li te poste foto kay li sou yon fo kont Facebook. Ou ka gade videyo a sou [chanèl YouTube OPDV a isit la](#).

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan, Kelli Owens, te deklare,** "Nou konnen asèlman reprezante vrè danje pou viktim yo, sivivan yo, ak moun yo renmen. Malerezman, avèk evolisyon rapid anviwònman dijital la, moun ki fè mal yo ap jwenn nouvo fason pou entimide epi menase viktim yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w ap toujou travay pou ogmante sansibilizasyon sou vyolans ki baze sou sèks, tankou asèlman, epi pou efò w ap fè pou pwoteje Nouyòkè yo. Tout moun merite santi yo an sekirite, kit se sou entènèt, lakay yo, oswa nenpòt kote yo ka ale."

**Direktè Biwo Sèvis Viktim Eta Nouyòk la (New York State Office of Victim Services, OVS), Bea Hanson, te deklare,** "Moun souvan minimize asèlman, men konpòtman sa a simaye laperèz epi li ka vin pi grav, sa ki ka mennen nan blesi fizik grav. Mwen vle nenpòt moun k ap sibi asèlman konnen ke OVS pran krim sa a trè oserye. Nou finanse pwogram asistans pou viktim atravè tout eta a, ki bay sèvis yo gratis. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman inebranlab li anvwè pwogram nou yo k ap sipòte sivivan asèlman, krim, ak abi."

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk (New York State Office of Children and Family Services, OCFS) Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare,** "Asèlman se yon fòm vyolans domestik ki souvan kache — se yon modèl asèlman ak

kontwòl ki fèt espre, ki mete sekirite, estabilite, ak byennèt mantal viktim yo an danje. Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta Nouyòk ap kontinye ranfòse sipò pou sivivan yo atravè prevansyon, entèvansyon, ak aksè a resous yo. Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi yo remèsye Gouvènè a paske li ogmante sansibilizasyon nan Jounen Sansibilizasyon sou Asèlman an, epi li reyafime ke chak Nouyòkè merite viv san laperèz, san entimidasyon, ak san abi."

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta Nouyòk, Rossana Rosado, te deklare,** "Tank teknoloji ap evolye, taktik yo itilize pou fè asèlman ak entimide lòt ap evolye tou. Nan DCJS, nou travay pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite lè nou fòme fòs de lòd yo pou rekonèt epi mennen ankèt sou asèlman ki fèt atravè teknoloji, nou ranfòse kolaborasyon ak patnè leta ak lokal nou yo, epi nou asire ajans yo gen zouti ak konesans yo bezwen pou entèvni bonè epi pwoteje viktim yo."

Pandan manda Gouvènè Hochul la, Nouyòk ogmante pwoteksyon pou viktim ak sivivan vyolans domestik yo lè li prevwa pou mete fen nan aksè yon abizè genyen sou teknoloji pou swiv machin, epi li pèmèt manm fanmi ak moun ki nan menm kay la jwenn òdonans pwoteksyon, epi depoze petisyon pou ofans fanmi anba Lwa Melanie a. [Lwa a yo nonmen pou onore memwa Melanie Chianese, ke ansyen menaj manman l te touye trajikman, vize pwoteje sila yo ki pwòch viktim yo, akòz agresè yo souvan sible pwòch yo pou kenbe kontwòl.](#)

Biwo Prevansyon Vyolans Domestik Eta a se sèl ajans egzekitif nan nivo ministeryèl peyi a ki dedye pou pwoblèm vyolans ki baze sou sèks. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa [@opdv.ny.gov](mailto:@opdv.ny.gov) (tchat). Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta a finanse epi soutni plis pase 200 pwogram asistans pou viktim ki baze nan kominote yo, ki bay sèvis dirèk gratis e konfidansyèl, tankou konsèy kriz, gwoup sipò, defans, sèvis legal sivil, ak terapi, pami lòt sèvis, pou viktim ak sivivan krim. Vizite [OVS Resource Connect](#) pou jwenn yon pwogram ak aprann plis.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)